

## Lèt pou Rezidan yo: Anons pou Moun Pa Fimen Anndan Bilding<sup>1</sup>

Chè Rezidan,

<Property name> deside pou l vin yon zòn kote moun pa fimen, pou l kapab bay rezidan l yo yon enwiwonman k ap kenbe sante yo pi anfòm toujou. Danje ki genyen lè lafimen sigarèt antre nan souf lòt moun (lafimen dezyèm men), ak danje pou dife pran lè moun ap fimen anndan, twò grav pou anyen pa fèt pou sa. Koumansman depi kounye a, moun pa dwe fimen nan tout zòn (anndan) ki pou tout moun nan bilding lan (tankou koulwa, sal pou fè egzèsis, ak sal pou fè lesiv). Règleman pou moun pa fimen, pou chak inite yo, pral tabli anmezi kontra pou lokasyon yo ap renouvle sou baz chak mwa oswa chak ane.

Lafimen dezyèm men se yon gwo danje pou lasante. Nan peyi Etazini, se twazyèm pi gwo lakòz lanmò ki pa te bezwen rive, tankou 53,000 ka lanmò konsa, chak ane. Rapò Doktè Anchef [Surgeon General] nan peyi Etazini, pou ane 2006 la, di pa gen nivo ki san danje pou lafimen dezyèm men.

Lafimen dezyèm men gen anpil danje pou timoun, epi yo di li gen rapò avèk Lanmò Sibit Tibebe (SIDFS). Epi tou, sigarèt ki pa fin etenn se lakòz dife ki touye 900 moun konsa chak ane, nan peyi Etazini.

Se yon pwoblèm pou tout konplèks bilding lan, paske lafimen sigarèt soti nan yon inite pou ale nan lòt. Lafimen dezyèm men kapab pase antre nan priz ki nan mi, epi gaye nan sistèm pou klimatizasyon ak chofay. Restorasyon ki ta nesèsè, pou anpeche lafimen dezyèm men an antre nan kote lòt moun rete, kapab koute chè, san l pa bay rezilta. Sèl bon metòd pou anpeche lafimen dezyèm men an gaye, se mete règleman pou moun pa fimen.

Moun pa p oblije sispann fimen nan inite individyèl yo, jouk tan pou kontra lokasyon yo renouvle nan dat li dwe fini an, nan fen yon mwa oswa yon ane. Men, nan tout kontra lwaye ki kòmanse depi kounye a, pral genyen yon adisyon ki defann fimen. (Epi, kondisyon ki la kounye yo nan kontra lokasyon an kapab defann moun fimen nan inite individyèl yo, si lafimen dezyèm men yo lakòz la, ap deranje vwazen yo.)

Tanpri gade lèt sa a tankou yon anons sou chanjman ki pral fèt pwochen fwa ou pral genyen pou w renouvle kontra lokasyon an. Nou swete nouvo règleman sa yo pral ede tout moun respire pi byen.

Pou moun ki fimen epi ki ta vle kite, gen anpil nouvo pwogram ak pwodui kounye a, pou ede w kite fimen. Kontakte Bay Area Community Resources, nan San Raphael, nan nimewo 415-444-5580 ekstansyon. 399 pou klas yo pral fè pou ede moun kite fimen. Smoker's Helpline tou, bay sèvis gratis nan telefòn pou tout moun nan Eta Kalifòni ki fimen epi ki vle kite, nan nimewo 1-800-NO-BUTTS, oswa nan [www.californiasmokershelpline.org](http://www.californiasmokershelpline.org).

Tanpri siyen adisyon nan kontra lokasyon ki di pou pa fimen an, epi ki tache la a; apre sa, remèt li nan biwo Direksyon an anvan yon semenn pase. Lòt kopi a se pou dosye w. Si w gen nenpòt kesyon oswa pwoblèm, tanpri kontakte biwo Direksyon an.

Yon gwo bonjou pou ou,

Manadjè Bilding yo /Pwopriyetè

---

<sup>1</sup> Tobacco Public Policy Center, "Smoke-Free Housing Toolkit", March 14, 2008 < [Sant Règleman Piblik sou Tabak "Bwat Zouti pou Kay Pa Gen Lafimen", 14 mas 2008] <http://ohiosmokefreehousing.com/>>